


**ЕУ ЗУНДБÆЛ ХУÆСТ АДÆМ АРВМÆ ДÆР НÆДТÆ РАЙГÆРДДЗÆНÆНЦÆ!..**

*Номдзуд Расул Гамзатов (1923-2003) уотæ загъта: «Махмæ ес уæхæн æгъдау – фиццаг зуймон бони изæрæй (хаттæй-хатт ба фиццаг уалдзигон бони изæрæй) хуæнхаг гъæутæ къæдзæхтæбæл исæндзариуонцæ саламæрветæг æрттитæ. Алли гъæу дæр еу арт. Æрттитæ хъæбæр идæрдтæмæ зиндтæнцæ. Кæмтти сæрти, дæлгенæгти æма къæдзæхти сæрти гъæутæ кæрæдземæн арфæ кодтонцæ зумæги кенæ уалдзæги ралæуди фæдбæл. Зинггун саламтæ, зинггун арфитæ!..»*

75 ПОБЕДА! 1945–2020


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№34 (773) 2020 анзи 3 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман


**НÆ УÆЛИНДЗÆЙ КÆСГÆЙ**



ХЕКЪИЛАТИ Маринæ, журналист

## КÆРÆДЗЕЙ ЛÆДÆРГÆЙ, ЕУМÆЙАГ САБУР ЦАРД АРАЗГÆЙ!..

Рагон дзамантæй абони уæнгæ дæр адæм уæлдай хъæбæрдæр цæмæ бæлдтæнцæ æма нерæнгæ дæр бæллунцæ, уонæн сæ сæйрагдæр æй сабур цардарæзт – бийнонти медастæу, гъæубæсти медæгæ, иннæ адæмихæттити хæцæ. Уомæн берæ æвдесæнтæ æрхæссæн ес, æцæгæй ка адтæй, уæхæн цаутæ æма хабæрттæй, адæмон исфæлдистади таурæхътæй. Уонæн сæ еугурей кой ракæнуни равгæ нин нуртæккæ нæйййес, фал си уæддæр еу æримисæн – ка 'й зонуй, игъосгæ дæр 'й фæккодтайайтæ, фал æй уæддæр еума хатт зæрдæбæл æрлæууун кæнун æнгъезуй æ медеси дессаг зундамунддзийнади тухæй.

Цæветтонгæ, еу лæгæн берæ фурттæ адтæй, фал кæрæдзебæл æхцул нæ адтæнцæ æма сæ цард нæ цудæй. Уæд сæмæ еуæхæни фидæ фæдздзурдта тургъæмæ. Куæмæй син уесойнæ рахæссун кодта æма син загъта:

– Абони гъæуама уæ хъаурæ бавзарайтæ уесойнæбæл. Ка 'й расæтта, е уодзæнæй тæккæ хъаурæгиндæр.

Фурттæ еугæйттæй фæййархайдтонцæ баст уесойнæ фæддуæ кæнунбæл, фал сæ къохи нæ бафтудæй. Уæд син фидæ уотæ:

– Ардæмæ 'й рахæссайтæ.

Фидæ уесойнæ райста, райхалдта 'й æма 'й уесгай сæттун райдæдта.

– Уотæ, мæ хортæ, сумах дæр æнгом ку уайтæ, уæд уин неке неци кæндзæнæй, уæ цард фæрнгундæр уодзæнæй...

2



ДЖИОТИ Магрези конд хузæ

*Исон, 4 ноябри бæрæггонд цæудзæнæй адæмон еудзийнади Бон. Нæ Фидибæсти бæрæгбæнттæн е æй сæ æригондæртæй еу – бæрæггонд цæуй 2005 анзæй фæстæмæ. Нимад цæуй еугурадæмонбæл, еци бон æй фæлладуадзæн бон. Нерæнгæ ма имæ кæд аллихузон цæстингас ес, уæддæр гъæуама еу гъуддагæй ба арази уæн – нуриккон зинтæвзарæн рæстæги нæ адæми гъæуй еудзийнадæ, цæмæй кæрæдзей лæдæрæй æма нимайгæй нæ абони тухстдзийнæдтæбæл фæуууæлахез уæн æма æмзæрдææмвæндæй нæ райдзастдæр исонибон аразунгъон уæн.*

*Абони мухур кæнæн æрмæгутæ аци бæрæгбони фæдбæл (1-2 æма 4-7 фæрстæбæл).*

**АХСГИАГ ФАРСТА**



ТАМАТИ Майрæн:

## «ГЪАРГÆНÆН РÆСТÆГМÆ РЕСПУБЛИКÆ ЦÆТТÆ ÆЙ!..»

Проект «Æргом Хецауадæ»-йи» фæлгæти республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ фембалдæй республики цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, артаг æма энергетики министр Тамати Майрæн.

Министради куст куд ахсиаг æй, уой алкедæр зонуй. Уомæн æма, цæрæнуатон-коммуналон хæдзарадæ ци уавæри æй, куд косуй æма æ ихæстæ куд æнхæст кæнуй, уомæй комкоммæ аразгæ 'й нæ республики адæми цард æма экономики еугур къабæзти райрæзт.

Республики коммуналон инфраструктурæ фæззигонзуймон рæстæгмæ куд цæттæ 'й, коммуналон лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнади хæццæ баст циуавæр программитæ æнхæст кæнуй министрадæ æма адæми цæруни уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл куд архайуй, уой фæдбæл министр ракодта лæмбунæг хабæрттæ.

– Мæ бон зæгъун æй, коммуналон æма цæрæнуæтти къабæзти еугур кустуæттæ дæр зуймон гъаргæнæн рæстæгмæ куд цæттæ кæ 'нцæ, уой. Еугур систематæ дæр нуртæккæ косунцæ æмбæлгæ уагæбæл, Дзæуæгигъæуи еугур гъаргæнæнтæ дæр, уæдта, гъар ци хæтæлтæбæл цæуй, етæ сæ еугурдæр æнцæ цæттæ, – загъта министр.

3

***Нуртæккæ коронавирусæй дзæбæх кæнунæн нимад æрцудæй, Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министрадæ ке байамудта, уæхæн 14 хузи хуастæ. Етæ еугурæйдæр æнцæ нæ республики сæйгæдæнтти. Сæйгитæн лæвæрд цæунцæ айдагъдæр дохтири рафинстмæ гæсгæ.***

# КÆРÆДЗЕЙ ЛÆДÆРГÆЙ, ЕУМÆЙАГ САБУР ЦАРД АРАЗГÆЙ!..

Уотæ зæгъгæй, сæ фидæ син ниффæдзахста:

– Еугæйттæй ба уæбæл алкедæр тухæ кæндзæнæй, уæ гъомус – минкъийдæр. Æма кæрæдзей уарзетæ.

Аци цау æнсувæртæн зунди хуасæ фæцæй.

Бæргæ, махæн, нури цæрæг дзиллæн дæр аци таурæхъ зунди хуаси хузæн агъазгæнæг ку фæууидæ. Уæлдайдæр ба, Советон Цæдеси медæгæ хæларæй ци адæмтæ цардæнцæ, етæ уой фехæлди фæсте ке ниххæлеутæ æнцæ, кæмидæрти ба ма ке фæккæрæдземæ 'нцæ, гъе уомæ гæсгæ.

Хуарз æма нуртæккæ уавæр хуæздæрæрдæмæ æййевуй æхе. Куд зонæн, уотемæй уой фæдбæл арæзт æрцудæй сæрмагондæй «Уæрæсей Федераций паддзахадон национ политики стратеги 2025 анзи уæнгæ æмгъудмæ».

Аци стратеги федаргонд æрцудæй 2012 анзи. Цуппар анзей фæсте ба уæлдæр хецауадон оргæнтæ райстонцæ федералон программæ. Уоми нисангонд æрцудæнцæ бæлвурд мадзæлттæ национ политики ахсгиагдæр фарстатæ лæмбунæгдæр æнхæст кæнуни фæдбæл.

Уæрæсей Федераци æй, дуйней паддзахæдтæй фулдæр адæмихæттитæ кæми цæруй, уонæй еу. Цæруй си 193 адæмихатти. Сæ фулдæр æности дæргъи цærунцæ нуртæкки Уæрæсей паддзахади зæнхæбæл. Етæ еугурæй дæр устур æвæрæн бахастонцæ еумæйаг паддзахади социалон-экономикон æма культурон райрæзтмæ.

Нæ республикæ дæр æй беræнацион – цæруй си сæдæй фулдæр аллихузон адæмти минæвæрттæ. Æнæмæнгæ зæгъун гъæуй уой, æма уонæн сæ динтæ, сæ традицион æгъдæуттæ, кæд фæйнæхузон æнцæ, уæдæр цæрунцæ кæрæдзей лæдæргæй. Уæрæсей Федераций федералон программæмæ гæсгæ, 2019 анзи федаргонд æрцудæй Цæгат Иристон-Аланий национ сæрмагонд программæ аллихузон дæлпрограммити хæццæ. Ес ма нæмæ, не 'мзæнхонтæй Уæрæсей алли рауæнти, уæдта фæсарæнти дæр ка цæруй, уони хæццæ бастдзийнæдтæ федар кæнуни æма æмгустади туххæй сæрмагонд программæ дæр.

Нæ республикæй еуварс ци цаутæ æрцæуунцæ, етæ дæр цийфæнди нæ фæуунцæ нæ республики адæмæн. Зæгъæн, абони Армени æма Азербайджани æхсæн ци нихмæлæуд æма хæлхъойтæ рауадæй, етæ сагъæссаг æнцæ мах дзиллæн дæр. Æма нæ республики медæгæ азербайджайнаг æма сомехаг цæргути 'хсæн цæмæй лæгъузæрдæмæ ма фæббæрæг уонцæ се 'хсæн рахастдзийнæдтæбæл, уой туххæй нæ республики бæрнон косгутæ цалдæр хатти фембалдæнцæ еци адæмти национ-культурон центрти разамонгути хæццæ.

Зæгъун гъæуй уой, æма дууæ адæмихаттей минæвæрттæ дæр балæдæрдтæнцæ, нæ дзилли сагъæс цæбæл æй, уой, æма сæ гъуди æргомæй загътонцæ: Иристон еци бунат нæй, Нагорный Карабахи лухкæнуйнаг фарста кæми æвзарæн.

Кæрæдзей лæдæргæй, сабур цард кæнун, терроризм æма экстремизми нихмæ тох кæнун, культурæ æма æвзаг багъæуай кæнун – е æй сæйрагдæр нисан æма уомæ гъæуама тундзæн идарддæр дæр.

## ИМИСÆН... ХЪОНЦ КÆНÆН...





# ЕЦИ ФÆЗЗÆГИ ФУДОНХÆЙ НЕРÆНГÆ ДÆР МА ЗÆРДИТÆ РЕСУНЦÆ!..

Аст æма инсæй анзи рацудæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Горæтгæрон район æма Дзæуæгигъæуи 1992 анзи ци трагикон æма зæрдресæн цаутæ æрцудæй, уæдæй нурмæ. Куд иннæ хæттити, уотæ бабæй нур дæр 30 октябри республики цæргутæ архайдтонцæ аллихузон номерæн мадзæлтти.

Æ райгурæн бæстæ гъæуайгæнгæй, ка фæммард æй, еци æдзард бæгъатæрти рохс нæмттæ иссирдтонцæ, Камбилеевки æнсувæрон цирт æма Дзæуæгигъæуи Намуси Аллеямæ ка 'рбацудæй, еци адæм.

Саударæн æмбурдти архайдтонцæ Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Битарти Вячеслав**, республики Парламенти Сæрдар **Алексей Мачнев**, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз**, хецауади иннæ паддзахадон къабæзти бæрнон косгутæ æма æхсæнади минæвæрттæ.

Республики разамонгутæ деденгутæ исæвардтонцæ бæгъатæрти циртдзæвæнтæбæл, еу минут æдзæмæй ралæугæй, иссирдтонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау æ цард ка нæ бавгъау кодта, Иристони еци хъæболти нæмттæ.

## ВЛАДИМИР ПУТИН ОЦЕНИЛ ЕДИНЫЙ ПЛАН ПРАВИТЕЛЬСТВА ПО ДОСТИЖЕНИЮ

# ДЕРЖАТЬ РУКУ НА ПУЛЬСЕ

***Владимир Путин рассчитывает на достойную реализацию Единого плана по достижению национальных целей развития России – о готовности документа доложил премьер-министр Михаил Мишустин. Президент, кроме того, призвал повысить внимание к борьбе с COVID-19. Регионы получат еще 10 млрд рублей на эти цели, и 5 млрд рублей будет выделено на обеспечение бесплатными лекарствами тех, кто лечится на дому. Губернаторы не должны забывать об ответственности в пандемию – при необходимости надо разворачивать дополнительные койки.***



Единый план достижения национальных целей развития России до 2024 года и на плановый период до 2030 года разработан по поручению президента. Он определяет стратегические приоритеты и конкретные шаги по достижению прописанных в указе целей, при этом максимально ориентирован на улучшение жизни людей. «Его главная задача – сделать так, чтобы позитивный эффект почувствовал каждый житель нашей страны», – заявил Мишустин.

В плане пять национальных целей и 25 показателей их достижения. По каждому определены целевые значения на ближайшие пять лет и конечный результат. Была проведена точечная настройка нацпроектов, чтобы они выводили на наццели развития с учетом новых непростых условий, сказал премьер. «Мы предлагаем переориентировать бюджетную систему на достижение национальных целей развития, и финансирование будет жестко увязано с конечными результатами», – подчеркнул он. Ежегодные расходы на реализацию плана превысят 12 трлн рублей – свыше половины планируемого бюджета на следующий год, сравнил глава правительства.

Нужна современная, гибкая и эффективная система управления, основным принципом которой станет ориентация на конечный результат для граждан. «Мы планируем выстроить эффективную коммуникацию в рамках этой системы, получать обратную связь от людей и своевременно реагировать на их предложения и проблемы», – пояснил Мишустин, добавив, что персональную ответственность за достижение нацелей будут нести все члены правительства в рамках своих компетенций. Движение средств будут отслеживать до муниципалитетов.

План будет представлен на заседании Совета при президенте по стратегическому развитию и нацпроектам. «Это большая важная веха в нашей общей работе, потому что без четкого, ясного понимания, определения целей, инструментов достижения этих целей, конечно, трудно рассчитывать на эффективную работу в целом всего госаппарата», – заметил Путин. «Теперь дело, как в народе говорят, за малым: надо этот план реализовывать», – сказал он. «Рассчитываю, что все мы вместе при-

**Зундгонд геолог, ССР Цæдеси Паддзахадон премий дууæ хатти лауреат, Уæрæсей науки æма техники æскъуæлхт архайæг Золойти Мæхæмæти фурт Тæтæрхъани райгурдбæл 7 ноябри æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1905-1985).**

*Мексикаг поэт, Нобели премий лауреат Октавио ПАС (1914-1998) загъта: «Нуриккон æхсæнадæ арæзт æй фæйнæхузон системитæй... Етæ дуйней адæмти æвæрунцæ кæрæдзей нихмæ, æма хецæн адæй-мæгутæй алке бауæри дæр ес дугай хæйттæ, дугай æрдæгадæймæгу-тæ. Гъема еци хъурдохæн-тохæй ци рауайуй? Неци...»*



# «ГЪАРГÆНÆН РÆСТÆГМÆ РЕСПУБЛИКÆ ЦÆТТÆ ÆЙ!..»



Коронавируси пандемий хæццæ баст исæвзургæ уавæр хнцгæй, муниципалон искондтæн барæ лæвæрд æрцудæй, цæмæй гъаргæнæн рæстæг райдайуонцæ, алке æхуæдæг æхецæн ци унаффæ рахаста, уомæ гæсгæ. Æма нуртæккæ алли райони дæр, гъаргæнæн рæстæг райдæдта æма цæуй æнæкъулумпитæй. Гъардæттæг, газ хъæртунгæнæг хецæн объектти кусти аййеппитæ ку разинна, уæд етæ дæр афойнадæбæл æма цубур рæстæгмæ еуварсгонд цæудзæнæнцæ. Еци кустмæ дæр сæрмагонд бригадитæ æнцæ цæттæ.

Министрадæ ци программитæ æнхæст кæнуй, уонæбæл куст куд цæуй, уомæ æргом æздахгæй, Тамати Майрæн куд радзурдта, утемæй республики районти æма гъæутæн сæ фулдæремæ абони уæнгæ газ хъæртуй. Нуртæккæ ма цæуй Алагири райони хуæнхаг гъæутæмæ – Галонмæ, Уæллаг Згидмæ – газ бауадзуни куст. Е цæудзæнæй хæстæгдæр дууæ анзи. Алагири район еугурæй дæр газæй æфсес ку æрцæуа, уæд бавналдзæнæнцæ Ирæфи райони хуæнхаг гъæутæмæ дæр – Фæснæл, Мæцутæ æма иннетæмæ. Æма утемæй, 2025 анзмæ республикæ газæй ефтонг уодзæнæй 100 процентæй.

Электрон тухæй æфсадуни æма си пайда кæнунбæл дзубанди кæнгæй, министр загъта, электрон тухæ ка косдзæнæй, æртæ уæхæн минкъий дони электростанцитæ хæстæгдæр дууæ-æртæ анземæ арæзт ке æрцæудзæнæнцæ Уæллаг Фиййагдони, Мæздæги Терки-Кумаг къанауи æма Ирæфи райони Æхсæуи.

Берæфатерон хæдзæртти райдайдзæнæй, ка базæронд æй, электрон тухæ нимайæн еци прибортæ нæугутæй раййевуни куст. Æ исæнхæст кæнунæн акционерон æхсæнадæ «Цæгкавэнерго» радех кодта 500 миллион соми.

«Экологи», зæгъгæ, министрадæ ци иннæ национ проект æнхæст кæнуй, уой фæлгæти арæзт цæуй Дзæуæгигъæуи æма республики районтæ ниуазуни кæдзос донæй æфсадуни куст. Министр куд загъта, утемæй дони хæтæлтæн сæ 75 проценти, Алагири райони дони хæтæлтæн ба сæ 100 проценти бустæги базæронд æнцæ æма æнцæ æййевуйнаг. Еугур куститæн сæ аргъ æй 10 миллиард соми. Уонæй бал программæмæ гæсгæ лæвæрд ци æхца æрцудæй, уомæй арæзт æрцудæй Реданти донуадзæн. Фæстагмæ ма дехгонд ци 300 миллион соми æрцудæй, етæ, ке зæгъун гъæуй, æнцæ минкъий æхцатæ, фал си уæддæр нуртæккæ цалцæггонд цæунцæ Алагири дони хæтæлтæ хайгай.

Министрадæ ма ци æндæр программитæ æнхæст кæнуй, етæ баст æнцæ: адæми сæ кæлæдздзаг хæдзæрттæй нæуæг цæрæнбунæттæмæ раййевунмæ, уæдта берæуæладзугон хæдзæртти, ка базæронд æй, еци лифттæ нæугутæй раййевуни кусти хæццæ. Дзæуæгигъæуи æма республики районти цæргутæн аразуй царди æнцон уавæртæ, аййев кæнуй берæфатерон хæдзæртти тургътæ æма сæ алливарс фæзуæттæ, ци бартæ имæ хауй, уонæмæ гæсгæ ахедуй тарифти политикæбæл, косуй Беслæни коммуналон инфраструктури райрæзти генералон пъланбæл æма ма архайуй берæ æндæр программитæ царди раудзунбæл. Сæ еугуребæл дæр Тамайфурт кодта лæмбунæг дзубанди.

Уомæй уæлдай министр дзуæппитæ равардта журналистти фарстатæн. Етæ адтæнцæ, цæрæнуатон-коммуналон къабази хæццæ баст гъуддæгутæй цæргути хъæбæрдæр ка тухсун кæнуй, уони фæдбæл – коммуналон лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнади æма сæ феддонти, берæфатерон хæдзæрттæн разамунддæттæг компанити кусти, тарифти ирæзти æма æндæрти туххæй.

## НАЦИОНАЛЬНЫХ ЦЕЛЕЙ

ложим максимальные усилия к его достойной реализации», – заключил президент.

Затем Владимир Путин попросил вице-премьера Татьяну Голикову рассказать, что происходит на фронте борьбы с пандемией. «Мы не говорим о какой-то второй волне. До некоторых регионов еще первая волна только докатывается, по мнению специалистов», – заметил президент и призвал держать руку на пульсе и своевременно реагировать.

«Ситуация продолжает осложняться, – заявила Голикова. – Среднесуточный темп прироста заболеваемости – 1 процент, но при тех цифрах, которые у нас есть, этого достаточно». Вице-премьер напомнила про обязательный масочный режим в общественных местах и сказала, что доля свободных коек сейчас ниже среднероссийского в 46 регионах, наиболее критическая ситуация в 16 регионах, а в пяти регионах занято более 95% коек. При этом лечение до 70% пациентов может идти в амбулаторных условиях, заметила она. Для помощи регионам организованы на федеральном уровне бригады специалистов, в том числе с привлечением сотрудников минобороны, рассказала вице-премьер. И сообщила, что от гриппа привились 30% – 43,8 млн граждан, в ряде регионов темпы недостаточные.

Президент обратился к губернаторам: «Мы отслеживаем ситуацию в каждой территории, помогаем и будем помогать. Но не забывайте, пожалуйста, о своей ответственности, о том, что нужно сделать в ближайшее время». «Если нужно разворачивать дополнительные койки, значит, нужно это делать», – сказал он. А если надо перепрофилировать – следует посоветоваться со специалистами и принимать решения.

Путин объявил, что граждане будут обеспечены бесплатными лекарствами для амбулаторного лечения. Обсуждалась цифра в 5 млрд рублей с небольшим, сказал он. «Будем считать, что это решение принято, прошу эти средства выделить незамедлительно», – сказал он. В помощь регионам согласована цифра в 10 млрд рублей. «Нужно это сделать прямо сейчас», – указал президент. Средства должны пойти именно на борьбу с коронавирусом, подчеркнул он и поручил Голиковой отправить комиссии в регионы с тревожной ситуацией, чтобы посмотреть, что там происходит. Президент выразил уверенность, что удастся справиться со сложностями, но при этом сказал чиновникам и губернаторам, что «обстановка требует повышенного внимания к этой проблеме». Министр финансов Антон Силуанов заверил, что ресурсы есть, задача будет выполнена.

**Принято решение обеспечить бесплатными лекарствами тех, кто лечится от COVID на дому**

Силуанов рассказал и о цифровизации финансового сектора. В частности, можно будет открывать счета, оформлять кредиты и приобретать жилье без походов в банк и очередей. «Процесс получения ипотеки станет полностью цифровым», – заявил министр. Упростится и работа банков – они смогут получать нужные данные о клиентах из государственных информсистем онлайн. Реализация мер завершится в середине следующего года. «Все это, конечно, будет хорошим подспорьем для экономики и для людей», – одобрил президент.

Основной темой повестки стал новый механизм помощи детям с тяжелыми редкими заболеваниями – он должен заработать с 1 января 2021 года. На эти цели пойдут средства от повышения с 13% до 15% ставки НДФЛ на доходы, превышающие 5 млн рублей в год, – порядка 60 млрд рублей в год. Решения об использовании этих средств в отношении каждого ребенка должны быть «максимально открытыми, прозрачными, и решающее слово здесь должно принадлежать врачам, общественным деятелям, людям, для которых помощь больным детям стала делом всей жизни», подчеркнул Путин. Он указал, что с января не просто должны быть отлажены процедуры выделения средств, а чтобы «дети с редкими заболеваниями с помощью нового механизма начали получать конкретную помощь в лечении». При этом действующие программы лечения детей должны сохраниться.

***Кира ЛАТУХИНА,***
***Российская газета –***
***Столичный выпуск № 245(8299)***
***от 29.10.2020***

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Æ сæдæ базури еу халæбæл кæмæн хуæстæнцæ, æ цар е 'стгутæбæл кæмæн нихъхъæбæр æй, еу уæхæн лæг корæг бацудæй гъæздуг хæдзарæмæ. Гъæздуг ин неци равардта, никки ба ма ин аллифудтæ ракалдта:*

*– Дæхе дзæбæхæй райсæ мæ хæдзарæй! Ка дæмæ бакæса, е зæгъдзæнæй, аци лæг зиндонæй райервазтæй!..*

*Æма ин мæгур лæг ку раттидæ дзуапп:*

*– Æцæгæйдæр зиндонæй рацудтæн.*

*– Гъема кæд зиндони адтæ, уæд ма цæмæн раздахтæ? Адæми мæстæй марунмæ?*

*– Цæрæн си нæййес, – загъта мæгур лæг, – æма рацудтæн. Гæздугутæй идзаг æй, æма си бунат нæбал ес...*

Аци таурæхъмæ гæсгæ рæстзæрдæ адæймаг куд нæ нийнæфа: уогæ ба нæбæл ци рæстæгутæ искодта!.. Царди цæрунæн нæ Исфæлдесæг ци радех кæнуй, уонæй гъæуама æмхузонæй хайгин уонцæ еугурæй дæр. Фал, кæсайтæ, ка куд æдзæсгондæр æй, уотæ еци «сæрæнтæ» царди хецæуттæ фестадæнцæ... Нур ба, зæгъайтæ, еугурадæмон есбонадæбæл зудæй ка фæххæлæф кодта, æма уой фæрци бонхуæздæрæй ка цæруй, уæлзæнхон царди дæр, уæдта, таурæхъмæ гæсгæ, æносон дуйней дæр «сойнæгундæр» бунæттæ ка ахæссуй, уони, æма, сæ фудæй сæ царди хабæрттæ тухамæлттæй ка аразуй, еци рæстуод дзилли 'хсæн хæларæй еудзийнадæн уæн ес? Нæ ни æруагæс кæнуй, уогæ 'й уæхуæдтæ дæр уинетæ.



**Уильям ТЕККЕРЕЙ (1811-1863), англисаг финсæг: «Адæймаги æгадæмæ ка тæруй, еци аййеппитæн сæ тæккæ æнаккагдæр æй хеуарзондзийнадæ. Хе æгæр берæ уарзуни менеуæг адæймаги æркæнуй тæккæ æверхъаудæр фудракæндитæмæ...»**

*– Уæхæн хеуарзундзийнадæй, æвæдзи, æгæр фæссæйгæ 'й Уæрæсей финансти министр Антон Силуанов – фудракæндти хузæн рауайунцæ æ еуæй-еу хъæппæрестæ. Æрæги Паддзахадон Думи æ радзубандий уотæ загъта, косгæ ма ка кæнуй, еци пенсиесгутæн, дан, сæ пенситæ индексаци кæнун бустæги раст нæй, гъома, етæ улупа дæр æма пенси дæр есунцæ æма син фагæ 'й. Æма етæ сæ фурхъалæй ма косунцæ, уæдта уанæбæрæг цæй фагæ 'нцæ сæ улупай æма пенсий къапеккитæ? Нæ есбонадæбæл нин ка хæлæф кæнуй, уони дзурдтаг миллиардти кой цæмæннæ кæнуй? Нæ сæмæ æндеуй æви æхуæдæг дæр уонæй æй?*



**Иван ГОНЧАРОВ (1812-1891), зундгонд уруссаг финсæг: «Де 'мбалæн дæ бон нæй комкоммæ, æргомæй, сауæнгæ ма карзæй зæгъун, ци æй, æма циуавæр æнцæ æ миутæ, уой, кенæ уомæй дæхе туххæй дæр уæхæн рæстдзийнадæмæ байгъосун, уæд кæрæдзебæл не 'ууæндетæ, кæрæдзей нæ нимайетæ...»**

*– Уой зæгъæн, æма еци «менеуæгæй» уæлдай æскъуæлхунцæ хецаудзийнади бæрзонд рауæнти бадгутæ. Еци «уæларвонтæй» кедæр туххæй, фудгæнæгæнæг разиндтæй, зæгъгæ, ку райгъусуй, уæд, цума, æ фарсмæ ка адтæй, етæ 'й нæ уидтонцæ, ци 'й æма цæйбæрцæбæл æнæраст гъуддæгутæ аразуй, уой? Æгæр дæр ма 'й уидтонцæ, фал «зæрдтагон æрдхуæрдтæ» куд кодтайуонцæ уайдзæфтæ?!.*



**Александр ПЯТИГОРСКИЙ (1929-2009) уруссаг философ: «Нуртæккæ Уæрæсейæн æ бæлæхти бæлах æй, æгъдау æма æфсармæн си сæ кой, сæ гъæр дæр ке нæбал ес, е. Ардигæй игурунцæ æгъатирдзийнадæ, æбуалгъ миутæ, нацити кæрæдзебæл ардаун, коррупци... Адæмбæл зудæ æма кæрæфдзийнадæ бафтудæй...»**

*– Аци зундилæг æ уайдзæфтæй фегæр æй. Алли доги дæр Уæрæсей, гъулæггагæн, уидæ, æгъдау æма æфсармæ æгириддæр кæмæ нæ адтæй, айдагъдæр зудæ æма кæрæфдзийнадæ ке цардиуагæ адтæй, хецæн уæхæн къуæрттæ. Нури доги дæр нæмæ хъæртуй уæхæнттæ. Фал уонæй баргæ нæ 'нцæ нæ Уæрæсе æма æ адæм æнæгъæнæй. Нæ Фидибæстæ алкæддæр адтæй, æй æма, федарæй ни æруагæс кæнуй, уодзæнæй тухгин æма цардгъон нæ адæми рæстзæрдæдзийнадæй, хуæрзæгъдау æма æфсармæбæл æновуддзийнадæй...*

Финддæс æма æртинсæй анзей размæ (1945 анзи ноябри) Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй кинохроники Цæгат-кавказаг студи.

*Еугурдуйнеуон жунал «Знамя»-й сæйраг редактор Сергей Чупринин: «Æз, уруссаг лæг, хъæбæр зæрдристæй фæссагъæс кæнун, уобæл, æма нæ еумæйаг Фидибæсти мах, кæддæр кæрæдзебæл æновуд адæмтæ цæй фудæй уотæ ниддехтæ ан æма нæ нур ба ци бакæнун гъæуй, цæмæй гъуддаг æ федауци уавæр нæуæгæй иссера...*

# ХÆЛАРЗÆРДÆЙ ЦÆ



Харон ИСАЕВИ конд хузæ

***Рагæй-æрæгæмæ дæр Иристони дзиллæ архайдтонцæ Цæгат Кавкази адæмтæй еугурей хæццæ дæр хæлар æма цæстуарзонæй цæрунбæл, фал уæддæр цæмæдæр гæсгæ уотæ рауадæй, æма син уæлдай зæрдтагондæр рахастдзийнæдтæ исфедар æнцæ Кæсæг æма Балхъари адæмти 'хсæн. Берæ муггæгтæ дууердигæй дæр æнсувæрдзийнадæ разæгъиуонцæ, беретæ ба си тогæй хæстæг дæр æййафтонцæ – бийнойнагæн кæрæдземæн лæвардтонцæ кизгуттæ, дууердигæй дæр син адтæй хуæрифурттæ.***

***Уогæ Иристони æма Кæсæг-Балхъари адæмти 'хсæн хæлхъойтæ дæр, сауæнгæ ма гæрзефтонг нихмæлæудтитæ дæр рауайидæ. Фал еци буцæутæ хуарз æма æносон нæ исуиуонцæ. Унаффæхæссæг хестæртæ цийфæнди кæрз кæд уиуонцæ, уæддæр тухгиндæр ба сæ зундгинддзийнадæ уидæ – лæдæрдтæнцæ 'й, тохæндзаумауи фæрци райдзаст исонибон исаразæн нæййес, уомæй гъомусгиндæр æй идæрдтæмæ уинæг зунд. Уомæ гæсгæ ба, адæймаги хъаурæ æма арæхстдзийнадæ сæмæ кæд устур кади уидæ, уæддæр уомæй бæрзонддæр цитгийнаг ба адтæй рæстдзийнадæ, уой фæрци æрсабур уиуонцæ се 'хсæн нихмæлæудтитæ, балæдæриуонцæ сæ кæрæдзей. Уомæн æвдесæн мæнæ уин ци рагон таурæхъ ракæнуйнаг ан, е. Кæддæр ма 'й мухур кодтан, фал ма уин æй еума хатт уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан – ка 'й зонуй, кадæртæ 'й нæ бакастæнцæ, ка 'й бакастæй, етæ ба ма еу хатт расагъæс кæнæнтæ, цæйбæрцæбæл тухгин æма зундгин адтæнцæ нæ рагфидтæлтæ, æма сæ цæмæннæ бафæнзæн нæ абониккон цардарæзти æвведауцæ фæззиндтитæй нæхе исуæгъдæ кæнунæн.***

## ÆМА ÆЛДАР ÆНÆНЕЦÆМÆЙ РАЗДАХТÆЙ ДИГОРÆЙ...

Кæсæги цардæй еу рæстæги еу æлдар æма имæ адтæй дууæ сау гали; уони рæсугъдæн зæнхæбæл фонс нæ адтæй, уотæ рæсугъд адтæнцæ. Имонау сæ дардта, сæ сиутæбæл син æвзестæй агъодитæ искодта, сæ къæхтæбæл дæр син цæфхæдтæ искодта.

Уæдта æ зæрди æрæфтудæй:

– Аци анз мин сæ уæлæ Тæторси, Дигори хуæнхти ку фæххезиуонцæ сатæги.

Хъарадзаути Сафарали æлимæн адтæй æма сæ уомæ æрбарвиста. Е ба галтæ райста æма сæ Тæторси галгæстæмæ рарвиста æма син уотæ балæдæрун кодта:

– Аци дууæ гали кæсгон æлдари галтæ æнцæ æма сæ фæххезетæ, куд неци сæбæл æрцæуа, уотæ, уæдта уин уæ мизд бафеддзæнæй уæлдайгунтæй. Ести сæбæл ку æрцæуа, уæдта хъæбæр лæгъуз уодзæнæй гъуддаг, æлдар нæ фæрресун кæндзæнæй.

Галгæстæ дæр хизтонцæ сосæггайгомау, нæ сæ кой кодтонцæ, фал сæ, сæ галтæмæ ка рацæуидæ, еци адæм фæууиниуонцæ ци дессаг галтæ 'нцæ, зæгъгæ, æма уотемæй рандæуиуонцæ. Еци дзамани ба адтæй еугур Дигорæн сæ хецау Хъанухъти Есе æма Донифарси къубусбæл æхецæн мæсуг искодта, дæлæмæ, коммæ æзнаг ку æрбацудайдæ, уæд æй куд уидтайдæ, уæхæн рауæн. И галти хабар Есе æригъуста æма галгæстæмæ фæдздзурдта уæдта. Иссудæнцæ галгæстæ, æма сæ Есе фæрсуй:

– Циуавæр галтæ 'нцæ, адæм сæбæл дестæ ку кæнунцæ, ке 'нцæ? – зæгъгæ.

– Магъа,– зæгъгæ, загътонцæ,– мах дæр сæ нæ зонæн. Хъарадзаути Сафарали нæмæ сæ æрбарвиста æма сæ кæсгон æлдари хонуй.

Гъема син Есе загъта:

– Хезетæ сæ, мæнæ Циргъесæни кувдтитæ тагъд уодзæнæнцæ, æма сæ уæд æрбатæрдзинайтæ, æма сæ Циргъесæни кувди нивгæрддзинан.

Хуарз, зæгъгæ, загътонцæ галгæстæ æма рандæнцæ. Галтæ хизтонцæ уоми еу сахæтти. Сафарали сæмæ æрбарветидæ уинунмæ, цæнхæ дæр син æрбарветидæ. Сафарали устурзæрдæ адтæй, галтæ хезунцæ, зæгъгæ, неци син æй. Галгæстæ ба некæмæн иской кодтонцæ, Есе син ци бафæдзахста, уой.

Уалдæн ба Циргъесæнтæ æрхъæрдтæнцæ æма Есе рарвиста дууæ лæги:

– Цотæ æрбатæретæ кæсгон æлдари галтæ, – зæгъгæ.

Фæццудæнцæ æма сæ æрбаластонцæ, Дигорæ равгарстонцæ дууæ галей сæ Циргъесæни кувди, ба сæ хуардтонцæ.

Уæд бабæй сæмæ Сафарали æрбарвиста Тæторсмæ галтæмæ бæрæггæнæг. Галгæстæ загътонцæ:

– Галтæ æгас нæбал æнцæ, зæгъгæ. Хъанухъти Есе сæ Циргъесæни кувди Донифарсмæ фæттæрун кодта æма сæ Дигорæ кувди бахуардтонцæ.

Галтæ бæрæггæнæг ка 'рбацудæй, е Хъарадзаути гъæумæ фæстæмæ рандæй æма хабар Сафаралийæн фегъосун кодта. Сафарали хъæбæр багузавæ æй, нур ма, зæгъгæ, кæсгон æлдармæ мæ цæсгон куд равдесдзæнæн!

Гæнæн ин нæбал адтæй æма рарвиста кæсгон æлдармæ:

– Дæ галтæ æгас нæбал æнцæ, гъе уæхæн бæлах сæбæл æрцудæй, зæгъгæ, Хъанухъти Есе сæ кувдæн нивгарста.

Кæсгон æлдар уой ку фегъуста, уæдта загъта:

– Хуарз, нур ба ести уодзæнæй, уотемæй ба сæ нæ ниууадздзæнæн, – зæгъгæ.

Сафаралимæ рарвиста хабар:

– Тагъд фæццæун еци бонмæ рæвдзæй!

Хъæбæр устур къуар искодта кæсæгæй бæхгин адæмæй тохунмæ кæсгон æлдар.

Уой ку фегъустонцæ Хæзнидони адæм, уæд Есемæ фæххабар кодтонцæ:

– Æрбацæуй кæсгон æлдар тохунмæ æ галти фæдбæл!

Есе дæр баздагъдæй, тæрсгæ уоййасæ нæ кодта, фал балæдæрун кодта Дигорæн:

– Æрæмбурд уотæ ардæмæ, мах ба баунаффæ кæнæн, æр ба нæмæ цæуй кæсгон æлдар, æма цæттæ куд уæн, уотæ.

Æрæмбурд æнцæ Дигорæ Есей мæсуги бунмæ Донифарси. Есе æхуæдæг мæсуги бабадтæй æма къæразгæй кастæй коммæ, бунмæ, æхсæвæ хусгæ дæр нæбал кодта.

Уотæ рæхги ба, еу кæми адтæй, уоми, дæлæ æфсæдтæ коми æрбацæунцæ, уотемæй сæ ниууидта Есе. Æфсæдтæ иссудæнцæ Задæлески бунмæ, Кæрдтути буни æрфестæг æнцæ.

Дзоруй адæммæ Есе:

– Ра сæмæ æрветæн минæвæрттæ: – ра нæмæ цотæ, кæд нæмæ дзæбæхдзийнади цотæ æма æрфестæг айтæ, уæд уин уодзинан фусун; барæуадзæ тохъулий фидтæ уин уæ хуæруйнаг уодзæнæй уорс дзоли хæццæ, æлотон бæгæни ба уæ ниуазуйнаг уодзæнæй, барæуадзæ пакъу гобæнттæ æма бæзтæ ба уодзæнæнцæ уæ хуссæнтæ. Кæд нæмæ лæгъуздзийнади цотæ, уæддæр нæмæ рацотæ, уæ хуæруйнаг уодзæнæй фицунгъæуагæ хулутдзаги кæрдзин цæхдони хæццæ, уæ ниуазуйнаг – уазал дони хæццæ, уæ хуссæнтæ ба уодзæнæнцæ, зæгъгæ, загъта, – мæсуги буни Хъозити худони хути хæццæ. Гъема нæмæ рацотæ, цæмæй уæ фæндуй, уотемæй.

Есе рарвиста æлдармæ минæвæрттæ æма ин загътонцæ:

– Дзæбæхæй нæмæ цотæ æви лæгъузæй, уæддæр нæмæ цæугæ ба ракæнтæ!

Кæсгон æлдар загъта:

– Нæ уæмæ цæуæн исони уалдæнгæ, исон ба цæудзинан нæхуæдтæ æма фæуууиндзинан.

Фæххастонцæ Есемæ хабар: «Нæ цæуæн уæмæ загъта æлдар исони уалдæнгæ».

Есе хабар ку базудта, уæд Тæриони фурт Тулабегмæ фæдздзурдта æма ин загъта:

– Нæ минæвæрттæ хуарз хабар не 'схастонцæ, фал мæ бæхбæл саргъ исæвæрæ æма ма сæмæ ду фæццо æма син зæгъæ æгъдауæй: «Нæ минæвæрттæ хуарз хабар не 'рбахастонцæ, æма мæн рарвиста дæумæ: «Ма кæнæ, æзнагдзийнадæй нæ дууетæ дæр неци бакæндзинан æма нæ дзæбæхæй бафедаун гъæуй, æма бафедауæн». Дæхуæдæгка син дæ лæгигъæдæ дæр, бæхбæл гъазун, куд фæккæнис, уотæ бавдесæ, куд дæмæ æрхицæ кæнонцæ, уотæ.

Æма кæсгон æлдармæ Тæрион Тулабег ниццудæй æма æлдарæн «æгасцæуай» загъта:

– Дæ дзуапп нæмæ хуарз нæ фæккастæй, æма ма дæмæ Есе мæн æрбарвиста, мах тохун нæ фæндуй, кæд дзæбæхæй бафедауианæ, зæгъгæ.

Кæсгон æлдар загъта:

– Мæнмæ уæлдай дзуапп нæййес, куд загътон, уомæй уæлдай.

Тæрион Тулабег ин загъта:

– Мадта дæ барæ ес, – зæгъгæ, æхуæдæгка æ бæх фелхъивта æма се 'хсæнти Кæсæгæн еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ нигъгъазта, æма Кæсæг сæхе къумтæмæ райстонцæ, ку нæ искъуæра, зæгъгæ, æма ибæл дес, алæмæт кодтонцæ, мæнæ ци дессаг бæхгин æй, зæгъгæ. Æ гъазунæй ку æрсабур æй, уæдта имæ кæсгæнттæй еу бауадæй, мæнмæ дæр æй, зæгъгæ, ку раттисæ дæ бæх, уæд ибæл æз дæр рагъазинæ.

– Дæтгæ дæмæ 'й кæнун, фал ибæл ку нæ исарæхсай, ку дæ фæрресун кæна!

– Ма тæрсæ, – зæгъгæ, загъта, – раттæ мæмæ æй, уæдта мæхе гъуддаг æй, зæгъгæ.

Равардта имæ, уæдта, рабадтæй ибæл æма дæлæмæ рагъазта коми медæгæй æма 'й туххæй бауорæдта, уæдта ибæл уæлæмæ рагъазта, æма æхе фæггубур кодта и бæх, маргъау ратахтæй æма и кæсгони (бадæги) Донифарси исмедæг кодта мæсуги бунмæ. Уоми ба Дигорæ æмбурд адтæнцæ æма 'й фæффестæг кодтонцæ, Хъозити худонæмæ 'й багæлстонцæ æма ибæл дуæрттæ фехгæдтонцæ. Бæх ка 'й, уомæн æ идонæ æ саргъи къохбæл батухтонцæ, райаразтонцæ æма маргъау фæстæмæ ратахтæй, иссудæй, æма Тæрион Тулабеги фарсмæ æрлæудтæй æма асес кæнуй лæги фарсмæ.

Кæсгон æлдар и бæхи миутæ ку фæууидта, æ хецауи размæ куд асес кодта, уой, уæд имæ хуарз нæбал фæккастæй, æ зæрдтæй загъта, ами цидæр ес, зæгъгæ.

Æма бабæй Тæрион Тулабегмæ еу æндæр кæсгон лæхъуæн æхе бахадта, мæнмæ дæр æй раттæ, зæгъгæ.

Тæрион Тулабег ин загъта:

– Дæтгæ дæмæ 'й кæнун, фал ин неци бакæндзæнæ, зæгъгæ.

Уомæ дæр бабæй æй равардта. Е дæр бабæй ибæл дæлæмæ коми рагъазта, уæдта 'й уæлæмæ фæххадта, æма дæ балгъетæг уотæ – уой дæр бамедæг кодта Донифарси мæсуги бунмæ. Уой дæр æрфестæг кодтонцæ Дигорæ æма уой дæр Хъозити худонæмæ багæлстонцæ е 'мбалмæ, бæхи бабæй фæххадтонцæ иннердæмæ æма бабæй æ хецау Тæрион Тулабеги размæ фæллæудтæй.

# ЕРÆГ АДÆМТИ ФАРНÆН ФЕСÆФÆН НÆЙЙЕС!..



ДЗАНТИАТИ Юрийи конд хузæ

Уæдта Тулабегмæ æртиккаг кæсгон æхе æрхадта, мæнмæ дæр æй раттæ, зæгъгæ.

– Дæтгæ дæмæ ’й кæнун, фал ку нæ сарæхсай, ку дæ фæрресун кæна, – загъта Тæрион Тулабег.

– Ма тæрсæ, зæгъгæ, загъта, раттæ мæмæ æй, уæдта мæхе гъуддаг æй, зæгъгæ.

Равардта имæ Тæрион Тулабег, æма кæсгон фæббадтæй бæхбæл дæлæмæ коми æма ибæл рагъазта, уæдта, ’й уæлæмæ фездахта æма и бæх фæггубур кодта, маргъау ратахтæй æма уой дæр Донифарси исмедæг кодта мæсуги бунмæ, æма ’й Дигорæ фæффестæг кодтонцæ. Хъозити худонæмæ уой дæр е ’мбæлттæмæ багæлстонцæ æма ибæл дуæрттæ фехгæдтонцæ. Бæхæн æ идонæ æ саргъи къохбæл бафтудтонцæ, райараз тонцæ æма маргъау фæстæмæ ратахтæй æма Тæрион Тулабеги фарсмæ æрлæудтæй.

Æртиккаг хатт ку æрхъæрдтæй и бæх Тæрион Тулабегмæ, уæдта ибæл фæббадтæй æма ибæл нигъгъæзтитæ кодта, æма ибæл кæсæг дес кодтонцæ, æ рахæститæ хуарз нæ ’нцæ, зæгъгæ.

Гъема уæдта Тæрион Тулабег рандæй æма загъта Есейæн:

– Нæ мæмæ байгъустонцæ, исони уалдæнгæ дзуапп нæ дæттунцæ.

Уотемæй æрæхсæвæ ’й, æма гъæуайгæнгутæ гъæуай кодтонцæ. Æрбон æй. Ку ’рбон æй, уæдта кæсгон æлдар фестадæй æма хъувгъани хæццæ рацудæй æхе гъудий, æ хæццæ дæр ма еу лæг. Есе имæ кæсуй мæсуги сæрæй.

Есе загъта:

– Нур ци кæнон, тæрсун æй фæккæнон, æви ин æхе цæвон? Цæй, тæрсун æй фæккæнон, – зæгъгæ.

Æ хъувгъанмæ ин нигъгъавта æма ’й фехста, фæббуройнæ ’й кодта; æлдар уæсгоммæ рахаудтæй, æма ибæл æ кæсгон адæм æрæмбурд æнцæ, кæд фæммард æй, зæгъгæ.

Æлдар загъта:

– Æллæх, æллæх, бæлахи бафтудан! Мæ хъувгъан мин ка фæббуройнæ кодта, е мæ маргæ ку кодтайдæ, уæд мин мæхе дæр рамардтайдæ, фал мæн нæ мардта, мæ хъувгъан æхста. Гъе нур ба нæ лæгтæн ци бакæнæн, ци амалæй сæбæл фæххуæст уæн, рарветон сæмæ минæвæрттæ.

Ракурдтонцæ сæ лæгти, ра син сæ æвардтонцæ. И лæгтæн загъта Есе:

– Уадзун уæ, хатир уин фæууæд, фал æлдарæн ба зæгъетæ, дуккаг хатт Дигорæмæ тохунмæ макæдбал æрбацæуæд!

Кæсгон æлдар æма æ адæм сæ бæхтæбæл рабадтæнцæ, æма æлдар мæтъæлæй рандæй Дигорæй.

***

***Аци хабар уи ка бакастæй, уонæн ма уой зæгъуйнаг дæр ан, æма Тæрион Тулабегæй равзурдæнцæ нуриккон муггæгтæ Хъулчитæ æма Уæдатæ. Аци дууæ муггаги сæрустур æнцæ сæ намусгин рагфидтæлæй, куд æ фæдонтæ, уотæ æновудæй архайунцæ уой цитгин номи аккаг унбæл, сæ муггæгти кадæ æма намус арфиаг гъуддæгутæй бæрзонд кæнунбæл...***

***Нур ба Иристони æма Кæсæг-Балхъари адæмти ’хсæн рахастдзийнæдти туххæй идарддæр кæнæн нæ дзубанди. Ку зæгъæн, се ’хсæн ци устур хæлардзийнадæ ес, уой æгириддæр нæ фæнниллæгдæр кæниуонцæ, рæстæгæй-рæстæгмæ ци хæлхъойтæ æма нихмæлæудтитæ рауайидæ, етæ, æма кæрæдзей лæдæргæй се ’мдзарди хабæрттæ кодтонцæ. Сæ еузæрдиуонд зийнадæ уæлдай æргомæй рабæрæг уидæ, сæ адæмти сæрбæлтау сæ æмархайд ку багъæуидæ, уæд. Уомæн ирд æвдесæн – аци синхаг фæллойнæгæнæг дзиллитæ Цитгин Октябри фæсте цаути рæстæг æмзæрдæ-æмвæндæй тох кодтонцæ Советон хецаудзийнадæ Цæгат Кавкази æрфедар кæнуни фæдбæл тугъдтити. Уобæл цæуй дзубанди еци цаути архайæг, ДЗАТЦЕТИ Аслæнгерийи имисуйнæгти, кæцитæй мухур кæнæн еу скъуддзаг.***

## СИНХОН АДÆМТИ ТОХ ЗНАГИ НИХМÆ КАРЗ АДТÆЙ!..



**ДЗАТЦЕТИ Аслæнгерий**
**(1905-1992),**
партий æма фæскомцæдеси ветеран

### 1.

Иннæ æнзтæй игъаугидæр, еци анзи зумæг адтæй берæ уазалдæр. Мет еудадзуг уардта тъæфилæй, арф æрæмбарзта будуртæ, хуæнхтæ.

Фæсæхсæвæр гъæу нисса бур æй, сибиртт дæр некæцæй бал игъустæй.

Еу уæхæн æхсæвæ кадæр сабургай бахуаста Цъебойти Афæхъой хæдзари дуар. Афæхъо фегъал æй, иссугъта цирагъ, тагъд-тагъдæй ракодта æ дзаумæуттæ.

– Ка дæ? – бафарста, топп æ къохтæмæ райсгæй.

– Хеуон дæн, Афæхъо, – æрбайгъустæй кæсгон дзурд.

Афæхъо хуарз зудта кæсгон æвзаг, уæдта æрбадзорæги уайтæккæ базудта æ гъæлæси уагæй: е адтæй æ кæсгон æмбал Харум. Байгон кодта дуар æма имæ тургъæмæ рацудæй. Дууæ æмбали кæрæдзей къохтæ райстонцæ.

Уæдмæ бийнонтæ исистадæнцæ сæ хуссæнтæй, æнгъæлмæ кастæнцæ иуазæги æрбацудмæ.

– Фарнæ ами уæд æма уе ’хсæвæ хуарз, – загъта Харум, медæмæ бахезгæй.

Бийнонтæ рамбурд æнцæ Харумбæл: еу ин райста æ нимæт æма е ’ хсæ, иннæ æ топп æма æ баслæхъ, иннæ ин пеци фарсмæ æрæвардта къела.

Афæхъо загъта:

– Харум ахсæви ами нæ лæууй æма ду, æфсийнæ, цæттæ дæмæ ци ес, уомæй нæ нарти Сатанай уинд фæккæнæ. Ду ба, биццеу, цо æма Харуми бæхи хабар бакæнæ, – Афæхъо фæззилдæй æ цуппæрдæсанздзуд фурт Мæхæмæтмæ: – Уæдта дæ гъос фæддарæ гъæунгæмæ, ести гурусхаг ку фегъосай, уæд нæмæ æвæстеуатæй хабар кæнæ.

Харум æ цуди сæр радзурдта Афæхъойæн:

– Абони æз æма Гедути Маша адтан Кæсæги. Фæцан Хъабанти гъæуи, Елмæрзатæ æма Анзорати, уордигæй бацудан Аргуданмæ. Уоми нин рахабар кодтонцæ: фондз æма дууинсæй бæхгини, ротмистр Одинцови берæгъти æрдонгтæ, абони рацудæнцæ Нальчиккæй нæ нихмæ тох кæнунмæ. Одинцов, æвæдзи, гъуди кæнуй: «Æвеппайди бацæудзæнæн Пæрæтти æрдозæмæ æма фунæйæй баййафдзæнæн партизанти, æгомуг фонси тард сæ ракæндзæнæн Нальчикмæ».

– Æррай сæнттæ. Етæ æнцæ раст Даутоков-Серебрякови миутæ. Е дæр минкъий нæ фæййархайдта сурх партизанти муггаг исæскъунунбæл, фал нур кæми ’нцæ? Е ’стгутæ дæр ма æнцæ а зæнхæбæл? Æвæдзи, знаг гъавуй æрдозæмæ бацæуæнтæ исæхгæнунмæ, гъома, партизантæн рацæуæн нæбал уодзæнæй, неке син фæййагъаз кæндзæнæй æма стонгæй ку истухсонцæ, уæд сæхе ратдзæнæнцæ, зæгъгæ.

– Кæд æ зæрди уотæ бакæнун ес, уæд рæдуйуй. Махмæ æнæгъæнæ зумæги фагæ ес хуæруйнаг æма хуаллæгтæ. Уæдта аци уазали мети рагъбæл лæуун кæдмæ бафæраздзæнæнцæ? Уогæ ’й мах нæ риндзæбæл æнцад лæуун уадздзинан? – загъта Харум.

– Мæнмæ гæсгæ сосæг косгути номхигъдтæ исбæрæг кæнунбæл байархайдзæнæй Одинцов, цъуххæсгути фæрци. Æ хæдзари ке баййафа, етæ æвуд нæ байзайдзæнæнцæ, – бафеппайдта Афæхъо.

– Аргуданæй фæстæмæ ку раздахтан, уæд мах Машай хæццæ гъе уобæл рагъуди кодтан æма баунаффæ кодтан, нæ алфамбулай гъæути цæргутæй махæн зæрдиагæй ка агъаз кæнуй, сосæг косæг ка ’й уорсити нихмæ, еци æмбæлттæн базонун кæнун Одинцови æрбацуд. Маша ирон æвзаг хуарз зонуй, уæдта ин берæ зонгитæ æма æмбæлттæ ес ирон гъæути. Уомæ гæсгæ е рандæй будури Дæргъæвсмæ. Секербæл ба æрбаздæхдзæнæй нæ бунатмæ. Æз иссудтæн кæсгон гъæутæбæл сумах уæнгæ. Ардигæй ба цæуун нæ бунатмæ.

Харум фæцæй æ дзубанди.

### 2.

Афæхъо нæбал бафунæй æй, гъудитæ кодта: æмбæлттæн афойнадæбæл фегъосун кæнæн Одинцови æрбацæуни хабар æма нæ ци кæнун гъæуй, уонæбæл еумæ æртæрхон кæнæн. Еу зунд хуарз æй, дууæ ба – никки хуæздæр. Уæхæн гъудити хæццæ Афæхъо бацудæй иннæ уатмæ, æрбадтæй къелабæл æ фурт Мæхæмæти хуссæни рази.

– Биццеу, райистæ, кумæдæр дæ æрветун.

«Нур æй æрветгæ бæргæ кæнун, фал аци устур гъæуи уойбæрцæ адæм цæруй æма сæбæл кæд фæуууодзæнæй зилд. Уæдмæ ку æрбабон уодзæнæй. Уой бæсти сæ синхгай рафинсон, алли синхи дæр еуемæн зæгъæд, е ба иннети æ хæццæ рахондзæнæй. Уотæ хуæздæр æма тагъддæр уодзæнæй.

Уæдмæ Мæхæмæт æхе æбарæвдзæ кодта. Æркодта фусдзармæй ходæ, æрбаста баслæхъ æма æрлæудтæй æ фиди рази.

Цалдæр минуттей фæсте Мæхæмæт сæ бæхбæл цудæй гъæуи гъæунгти.

6

***Номдзуд уруссаг ахургонд Дмитрий Лихачев (1906-1999) загъта: «Æз дæн цийфæнди национализми нихмæ дæр, цийфæнди адæми патриотизми фарс... Еу æма дууæ хатти нæ дзурдтон: национализмæн патриотизми хæццæ еумæйагæй неци ес. Национализм нури доги устурдæр бæлах æй. Еци бæлах цæй фудæй æй? Адæмтæ кæрæдзей лæгъуз ке***

# ХÆЛАРЗÆРДÆЙ ЦÆРÆГ АДÆМТИ ФАРНÆН ФЕСÆФÆН НÆЙЙЕС!..


ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ

5

Фиццагидæр фæуурæдта Донибилти синхи Амилахуанти Дабойи дуармæ. Иннæ синхи бацудæй Тайсаути Иналмæ, идарддæр – Хъарати Темботмæ. Уомæн дæр ракодта æ дзубанди æма имæ гæгъæдий сифæ куд февардта, уотæ имæ сарайæй æвеппайди рæйгæ рауадæй Темботи куй. Уæд еуæрдигæй, уæд иннердигæй батомар кæнуй биццеумæ, агъуди хузæн. Æ фæдесмæ гъæубæсти иннæ куйтæ дæр фæйнердигæй фæдес исистонцæ. Адæмæй беретæ райгъал æнцæ æма игъустонцæ гъæунгтæмæ.

Тембот биццеуи бæх рабаста скъæти, æхе ин бакодта хæдзарæмæ æма ин загъта: цалинмæ куйти рæйун нæ банцайа, уæдмæ бадæ ами, æндæмæ цæуæн нæййес, кенæдта дæбæл гъæуихецау гъæуайгæнгути хæццæ исæмбæлдзæнæй.

Æхуæдæг рацудæй тургъæмæ, æ гъос дарта гъæуи гъæунгтæмæ.

Еци рæстæг гъæуихецау Асæге гъæуайгæнгути хæццæ мийнасæ кодта зæнхгин æма сæудегергæнæг Мухели хæдзари. Куйти рæйунмæ фæууагътонцæ сæ хуæрун æма ниуазун, фæббадтæнцæ сæ бæхтæбæл æма еу гъæунгæ дæр æнæ басгаргæ нæбал ниууагътонцæ.

Биццеуи цæун ци синхтæмæ нæбал гъудæй, гъæуихецау æма гъæуайгæнгутæ уордæмæ ку фæрраст æнцæ, уæд Тембол рабадун кодта Мæхæмæти æ бæхбæл æма 'й рарвиста æ надбæл.

Æхуæдæг дæр гъавгæй рацудæй е 'мбæлтти Афæхъой хæдзарæмæ æмбурдмæ æрбахонунмæ.

### 3.

Мæхæмæт зилд фæцæй гъæуи еугур синхтæбæл дæр æма æрæгиау сæ хæдзарæмæ куд æздахтæй, уотæ ибæл хæрхæмбæлд фæцæнцæ гъæуихецау Асæге æма гъæуайгæнгутæ.

– Ка дæ? Æрлæууæ! – фæгъгъæр кодта Асæге.

Биццеу æхе байамудта.

– Æма аци афони кæми адтæ, кæцæй цæуис?

– Мæ фидæ Афæхъо хъæбæр сæйгæ 'й, æма мæ мæ мадæ уой туххæй нæ хæстæгутæн фегъосун кæнунмæ рарвиста, – загъта биццеу æ фиди амунд дзурдтæ.

– Мæнгæттæ нæ дзорис?

– Нæ зæгъун.

– Уой мах нуртæккæ рабæрæг кæндзинан. Нæ разæй цо уæ хæдзарæмæ! – фæгъгъæр ласта Асæге биццеубæл.

Гъæуихецау æма гъæуайгæнгутæ Афæхъой колдуармæ ку бахъæрдтæнцæ, уæд биццеуи разæй сæхе фæккодтонцæ, сæ бæхтæй æргæппитæ кодтонцæ, сæ топпитæ сæ къохти, уотемæй хæдзарæбæл æрзилдæнцæ. Асæге ба дууæ гъæуайгæсей хæццæ æрлæудтæй дуармæ æма бахуаста.

– Ка дæ? – бафарста Афæхъой уосæ.

– Æз гъæуихецау Асæге дæн. Дуар байгон кæнетæ!

– Ке кой кæнай, е дæ къæсæрмæ. Раст æй адæмон æмбесонд.

– Кæмæн уи ци бафæдзахстон, уой уи алкедæр æ зæрдæбæл бадарæд, – загъта Дабо. Афæхъо Дабой æнхусæй æ цæсгон, æ хъуртæ хуарз басугъта цивзæй, етæ рагацау зудтонцæ, ке сæ бабæрæг кæндзæнæнцæ, уой.

Хæдзарæ райдзаг æй арахъи смагæй: бæрæг адтæй, æнæхунд иуазгутæ кæмидæр хуарз ке баниуазтонцæ, е. Хæстæг бацудæнцæ, Афæхъо кæми хустæй, уордæмæ. Афæхъой цæсгонбæл æма реубæл лæдæрстæнцæ хеди ставд æртæхтæ. Хестæр кизгæ æ фиди ниvæрзæни 'рдигæй бадуй æма ин устур хесæрфæнæй æ хед расæрфуй.

– Цæмæй сæйгæ 'й? – бафарста Асæге.

– Тифæй, – дзуапп равардта кизгæ æма никкудтæй.

– Хуцауи иуазæг уо, Афæхъо. Кæугæ ма кæнæ, кизгæ, ма тæрсæ, радзæбæх уодзæнæй. Далæ Александровски станици ес хуарз дохтир æма 'й уомæ фæлласетæ. Бæх – уæхемæ, цонæгъ ба ескæмæй ракоретæ, – цума хъæбæр зин кодта Афæхъобæл, уотæ æ робаси æвзагæй загъта Асæге.

– Бæргæ хурз уайдæ, фал æй ка фæлласдзæнæй, кæунгъæлæсæй загъта Афæхъой уосæ.

– Гæрр, куд ка? – мæнæ уæ синхæй уæ уæлгъос ци адæм лæууй, уонæй, кенæ уæ хæстæгутæй еу уæхæн куд нæ разиндзæнæй?

– Цæй, хуæрзæхсæвæ кæнетæ, уæ сæйгæ ба уæхе фæндæугæ уæд! – загъта Асæге æма е 'мбæлтти хæццæ дуари æндегæй фæцæй...

### 4.

Гъæуихецау æма гъæуайгæстæн сæ бæхти къæхти гъæр ку нæбал игъустæй, уæд Афæхъо æ хуссæнæй исистадæй, рахснадта æ бауæр цивзæй исæрст кæми адтæй, еци рауæнтæ. Кæмæ рарвиста, етæ гъæуæн æ алли кæрæнттæй кæрæдзей фæдбæл цудæнцæ.

Ку некæмæ бал æнгъæлмæ кастæнцæ, уæд Афæхъо загъта:

– Не 'рæмурди сæр цæбæл æй, уобæл радзубанди кæнæн. Дууæсæдæ хъазахъагей хæццæ Нальчиккæй абони рацудæй уоми зилди медгъуддæгути хецау ротмистр Одинцов æма æрбацæуй Пæрæтти æрдозæмæ не 'мбæлтти – сурх партизанти нихмæ тохунмæ. Уой мæнæн фæххабар кодта мæ кæсгон æмбал Харум. Одинцов цæмæй райдайдзæнæй æма куд фæуунмæ гъавуй æ балци, уой мах нæма зонæн. Бæрæг æй айдагъдæр е, æма Пæрæтти алфамбулай гъæути цæргутæй сурх партизанти хæццæ баст ка 'й, еци адæмæй гъæути ке æрбаййафа, уонæн ке кæндзæнæй æверхъау миутæ. Ке зæгъун æй гъæуй, е дæр Даутоков-Серебрякови хузæн æ фусун ами æркæндзæнæй, домдзæнæй гъæуи цæргутæй «æзмæнтгути» раттун, агордзæнæй æхецæн дæр æма е 'фсæддонтæн дæр гогузи фид, карз арахъ.

– Дæ дзубанди, Афæхъо, хъæбæр раст æй, – исарази æй Асети Аслæнбег.

– Цубурæй æз дæр зæгъон мæ фæндон: Мæнæ Тебо æма Дабо ескæмæй ракорæнтæ бæхцонæгъ, цума Афæхъой дохтирмæ ласунцæ, уотæ. Сæ рацуд син цæйбæрцæбæл фулдæр адæм фæууина, уойбæрцæ хуæздæр. Гъæуæй ку рацæуонцæ, уæд сæ фæд раййевун базонæнтæ æма фæууордæг уæнтæ Пæрæттæмæ. Тæккæ ахсæви гæрзефтонгæй рацæун гъæуй Пæрæттæмæ партизантæмæ. Нæ хæццæ ракæнæн нæ галтæ æма нæ бæхтæ дæр. Уоми сæ Сæгъдæнтти æрдози фиййæутти бунæтти бакæндзинан. Идарддæр нæ ци кæнун гъæуй, уонæбæл ба, кумæ цæуæн, уоми дзордзинан, – фæцæй æ дзубанди Кцойти Тазрет.

– Алцидæр хуарз, фал мах аци хабар æвæстеуатæй фегъосун кæнун гъæуй, Аргудани коми гъæдикустгæнæн заводи косгути 'хсæн нин ци хуарз æмбæлттæ ес, уонæн. Цæмæй етæ дæр гæрзефтонгæй рацæуонцæ Пæрæттæмæ партизанти бунатмæ æма бахæссонцæ се 'нхуси хай, – загъта Хæтæгти Сæхмæт.

– Хъæбæр раст зæгъис Хæтæги-фурт, – исдзурдтонцæ цалдæремæй.

– Мадта уордæмæ ка цæудзæнæй? – бафарста Афæхъо.

– Мæнæ мах Инали хæццæ цæудзинан, – исдзурдта Илас.

– Еске ма ести зæгъуй?

– Неке!

Партизантæ сагъæсхузæй рараст æнцæ сæ унаффитæ æнхæст кæнунмæ.

Уæхæн æмбурдтæ ма еци 'хсæвæ адтæй Кæсæги гъæутæй Хъабанти, Елмæрзати, Анзорати, Аргудани æма Хатути. Иристони гъæутæй ба Секери, Будури Дæргъæвси æма Дзæгъепбарзи. Æмбурдти ка адтæй, уонæн сæ унаффæ адтæй сурх партизантæмæ Пæрæтти æрдозæмæ гæрзефтонгæй рацæун. Етæ еци 'хсæвæ боницъæхтæбæл Пæрæтти æрдозæмæ цудæнцæ Хъабанти гъæуæй, Лескенæй æма Секерæй, ка уæрдунти, ка бæхтæбæл, ка ба фестæгæй; цудæнцæ кæрæдзей фæдбæл, хецæн къуæрттæй.

### 5.

Аци зилди ци æрдозтæ ес, уонæн сæ устурдæртæй еу æй Пæрæтти æрдозæ. Бæрзонд къилдуни сæрмæ æрбунат кодта е. Ардæмæ адæймагмæ армитъæпæни хузæн зиннунцæ æ алфамбулай зæнхитæ. Иристонæй имæ над цæуй Секер æма Хъарадзаути гъæутæбæл. Кæсæгæй – Анзоратæбæл æма Лескенбæл. Фидтæлти рæстæги дæр Кæсæгæй Дигорæмæ нæдтæн сæ еу адтæй абæлти. Сурх партизантæ хумæтæги нæ равзурстонцæ сæхецæн бунатæн аци æрдозæ.

Гъæутæй сурх партизанти æмрæнгъæ æрлæуунмæ æма Одинцовæн нихкъуæрд раттунмæ ка рацудæй, етæ еугурæйдæр бони æрбарохсмæ адтæнцæ ами, Пæрæтти æрдози. Игъустæй ирон-дигорон, кæсгон, уруссаг æма балхъайраг дзубанди. Уæрдунтæй истонцæ мæнæуи, нартихуари инсади æма картофи голлæгутæ, косæрттæгтæ...

Цидæр сæмæ адтæй, уони ниффинстонцæ киунугути, уой фæсте хуæлцæ бафснайдтонцæ федар бунæтти. Галтæ, бæхтæ æма уæрдунтæ дæр æрцудæнцæ æфснайд фиййæуттæмæ, иннæ æрдозти.

***

***Адæмти æхсæн рахастдзийнæдтæ, ка си кæмæ ци цæстæй кæсуй æма зæрдæ даруй, е уæлдай бæлвурддæрæй раргом уй, уони хецæн минæвæрттæ царди хумæтæг уавæрти сæхе куд фæддарунцæ, уомæй.***

***Номдзуд дагестайнаг поэт Расул Гамзатов кæддæр уотæ загъта: «Махмæ хъæбæр загъд æрцудæй адæмти хæлардзийнади туххæй, фал минкъий загъд æрцудæй хецæн адæймæгути лимæндзийнади туххæй...» Раст æй æ загъд, уомæн æма адæмти хæлардзийнадæ равзуруй хецæн адæймæгути лимæндзийнадæй.***

***Æма нæ бон æй федарæй зæгъун, Иристони æма Кæсæг-Балхъари царди цийфæнди къабазæ ку райсай, уæддæр си æгæрон берæ иссердзæнæ хецæн адæймæгути 'хсæн дæр зæрдтагон хæлардзийнади дæнцитæ. Уотæ исфæлдистадон архайгути медастæу дæр. Уомæн æвдесæн – мæнæ дæлдæр ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр.***

**Нæ республики Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ 1960 анзи 4 ноябри нисангонд æрцудæй кадгин ном «Цæгат Иристони АССР-и æскъуæлхт хузæгæнæг».**

*зонунцæ, уой фудæй. Сæ синхæгти културæ æма истори нæ зонунцæ. Уой хæццæ ба ма историон науки æгæр исберæ æнцæ мифтæ, æримисгæ хабæрттæ æма комкоммæ мæнгæттæ, фальсификацитæ, æма æцæгдзийнадæ усхъуммитæгæнæнтæ. Еума бæлах ба е æй, æма ахид културæ политики дæлбарæ исуй...»*





Кайсын КУЛИЕВ зæрдхæларæй цардæй нæ бæсти адæмихæттити финсгутæй берети хæццæ. Аци къари 'й уинетæ хъалмухъаг поэт Давид КУГУЛЬТИНОВ (астæуæй) æма киргизаг финсæг Чингиз АЙТМАТОВИ (рахесæрдигæй) хæццæ.

# «АРФИАГ ДÆН ЦАРДÆЙ!..»



**БИБУАТИ Иринæ,**
Национ наукон киунугæдони директори хуæдæййевæг

***Номдзуд поэт æма æхсæнадон архайæг Кайсын Кулиеви ном æнæгъæнæ дуйнетæбæл игъустгонд æй, зæгъгæ, ке гъуди кæнæн, уомæй нæ фæррæдуйдзинан. Цардæгас ма ку адтæй, уæддæр нæ Фидибæсти дæр æма уомæй идарддæрти дæр берæ рауæнти нимади адтæй, æ фæсмæрдæ дæр ин кадæгонд цæуй. Æрхæсдзæнæн цалдæр дæнцæни – æ райгурæн Кæсæг-Балхъари сæйраг сахар Нальчикки бæрæгастæу проспект абони хæссуй æ ном. Уоми ин æвæрд æрцудæй циртдзæвæн дæр. Аци сахари ма æ ном хæссунцæ Балхъайраг драмон театр, æ номбæл музейи хуæрзауодæн фонд, Дæллаг Чегеми гъæуон скъола, хуæнхаг сахар Тырнаузи културии Хæдзарæ, Мæхъæли республики сæйраг сахар Магаси гъæунгтæй еу, Киргизий сæйраг сахар Бишкеки гъæунгтæй еу æма киунугæдонæ, Индий еу скъола æма музей, туркаг сахар Анкарай парк, цæугæдон, хонх æма æ бунмæ гъæу Алтайи, Прохладныйи, Ашхабади гъæунгтæ...***

### СÆДÆ ЗÆРДТАГОН КЪАХДЗÆФИ КАЙСЫН КУЛИЕВМÆ

Кайсын Кулиеви æмзæнхонтæ сæрустур æнцæ æ берæ арфиаг, бафæнзуни аккаг гъуддæгутæй. Ахид æримисунцæ, уодигъæдæй цæйбæрцæбæл федар æма кæдзос адтæй, æ цардвæндагбæл куд æнаййеппæй рацудæй, кæд ин хъæбæр берæ зиндзийнæдтæ æвзаргæ рауайидæ уой туххæй, уæддæр рæстæгмæ пайдадзийнæдтæмæ некæд æрхицæ кодта, некæд бафтудта адæми цæсти æ цæсгондзийнадæ æма кадæ. Абони дæр си дзиллæ боз æма сæрустур æнцæ, æ рæстæги, æ адæм æвудæй карз æфхуæрд ке æрцудæнцæ, уой æ зæрдæбæл даргæй, Сталини хуарзæнхитæ ке нæ бакумдта, уомæй. Ахæст ку 'рцудæй, уæд имæ Нобели лауреат Борис Пастернак финста, цæмæй æ нифс ма расæтта.

«Кавкази легендæ», «Дуйней адæймаг», «Дун-дуйней уод» – уотæ худтонцæ Кайсын Кулиеви айдагъ нæхе Фидибæсти нæ, фал ма фæсарæнти. Уоми дæр æй хуарз зудтонцæ, уомæн æма исфæлдистадон балцити берæ бæстити адтæй. Къохæрдзæф ин кодтонцæ Парижи, Берлини, Варшави, Праги, Македоний, Делий, Бомбейи, Улан-Батори, Токиой, Нагасакий... Æ уадзимистæ мухургонд æрцудæнцæ дуйнейи адæмти авдинсæйемæй фулдæр æвзагебæл: Франций, Германий, Польший, Болгарий, Англиси, Индий, Японий.

Эльтюбюйи гъæуи ес архитектурон ансамбль-литературон циртдзæвæн «Сæдæ къахдзæфи Кайсын Кулиевмæ». Еци циртдзæвæн арæзт æрцудæй, Чегеми цæугæдони, уæдта зæрдиагæй кæбæл финста, еци минкъий цæугæдон Жылгийи алфамбулайти ци дортæ фембурд кодтонцæ, уонæй. Номерæн комплексæн æ дæргъæ æй 350 метри, æ бæрзæндæ – 1,85 метри, арæзт æй балхъайраг национ архитектури бундорбæл. Мраморон къæйтæбæл си финст æрцудæй Кайсын Кулиеви сæдæ æмдзæвги, уæдта си ка ци загъта, етæ. Еци зæгъдтити 'хсæн æнцæ Борис Пастернаки, Николай Тихонови, Александр Фадееви, Евгений Евтушенкой, Чингиз Айтматови, Мустай Карими æма игъустгонд исфæлдистадон архайгути гъудитæ. Фарс цæуй минкъий цæугæдон Жылгийи цæхгæрмæ билгæронæй Уæллаг Чегеммæ, поэти райгурæн хæдзарæмæ.

Кайсын Кулиеви хуарз зонунцæ æма уарзунцæ Иристони дæр. Поэти уадзимистæ тæлмацгонд æрцудæнцæ ирон æвзагмæ, рацудæнцæ хецæн киунугутæй. Еци тæлмацгæнгутæ 'нцæ: Джусойти Нафи, Дзаболати Хазби, Цæрукъати Александр, Хъайтухъти Геор, Муртазти Барис, Тигити Юрий, Хъодзати Æхсар, Дзасохти Музафер, Хугати Сергей... Æхуæдæг дæр Кайсын балхъайраг æвзагмæ ратæлмац кодта Иристони поэттæй берети æмдзæвгитæ, фиццагидæр ба, ке зæгъун æй гъæуй, Къостай æнæмæлгæ уадзимистæ...

### СÆРУСТУР АДТÆЙ Æ ИРИСТОЙНАГ ÆРДХУÆРДТÆЙ

Кайсын Кулиевæн Иристон цæйбæрцæбæл зæрдтагонæй хъазар адтæй, уомæн æвдесæн æй мæнæ аци цау дæр. Цæветтонгæ, поэт æ фиди нæ гъуди кодта, уомæн æма хуæрзсабий ма адтæй, е ку рамардæй, уæд, æ къарæ дæр имæ нæ байзадæй. Æма Кайсынæй æ фурт Эльдар, дæ фиди, мæ бабай къарæ равдесай, зæгъгæ, кæддæр ку ракурдта, уæд е æ финсæн лагъзæй исиста Хетæгкати Къостай къарæ. Къостай хузæнæй сæ цæститæбæл уадæй сæ фидтæл дæр...

Кайсын Кулиев куд берæ уарзта нæ адæми, уомæн ма еу уæхæн æвдесæн: æ зæрдæмæ хъæбæр цудæй нæ «Симд». Еудадзуг уотæ дзоридæ: «Ирон адæммæ айдагъдæр «Симд»-и кафт ку адтайдæ, уæддæр адтайуонцæ устур адæмихатт, наци!..»

Нæ финсгутæй беретæ адтæнцæ æ лимæнтæ, Иристони адæмон поэт Плити Гриси хæццæ еумæ ахур кодтонцæ Мæскуй паддзахадон театралон аййевади институти. Æ хуарз æмбалбæл нимадта ирон финсæг Мугути Хаджи-Морати. Фембалдæнцæ фронти – дууемæй дæр тох кодтонцæ Сталинграды алфамбулайти немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. Кайсын Кулиев адтæй десантон æфсæдти, Мугути Хаджи-Морат ба адтæй сгарæг. Кайсын Кулиев устур аргъ кодта Хаджи-Моратæн, е 'сфæлдистади кавказаг тугъдон тематикæ уойиасæбæл сæйраг ке адтæй, уой туххæй. Лимæнæй цардæй нæ нодзуд финсæг Джусойти Нафий хæццæ дæр. «Æ царди надбæл Кайсын Кулиев еунæг хатт ке хæццæ фембалдайдæ, е дæр æнæнгъæлти æма зæрдиагæй æхецæн иссеридæ æмбал æма æнсувæри, хуæнхаг фингæбæл хъæбæрхуари кæрдзини хузæн æ миутæ æма æ дзубандитæ æцæг кæмæн адтæнцæ, уæхæн адæймаги. Етæ адтæнцæ æргом æма æнæхийнæ Зикъарай æфцæги деденгути хузæн», – финста Кулиеви туххæй Нафи.

Нафи æма Кайсын Кулиев базонгæ 'нцæ 1957 анзи Гурдзий фингсути съезди. Мæнæ ци финсуй Кайсыни кизгæ Жаннæ сæ лимæндзийнади туххæй: «Джусойти Нафий ном æнгом баст æй Кайсын Кулиеви номи хæццæ... Етæ сæ фиццаг фембæлди фæсте берæ æнзти дæргъи фæццардæнцæ лимæн æма уарзонæй. Нафи еци хæлардзийнадæ æ зæрди хаста Кайсын Кулиеви уæлзæнхон царди фæстаг сахатти уæнгæ, гъуди 'й кодта æ рамæлæти фæсте æнзти дæр. Алли анз дæр Нафи æрцæуидæ е 'мбали цирти размæ, æ сæрæй ин ниллæг раковуни туххæй. Æма мæнæн æхцæуæн уидæ, Чегеми æй ку фæууининæ, уæд...»

Нафи æ цардæй рахецæн æй, Кайсын Кулиеви райгурдбæл сæдæ анзи ку исæнхæст æй, уæд. Æма нур дууемæй дæр æнцæ уоми, мадзора дуйней, «зæрдхæлар, лæгигъæдгун æма курухон кавказæгтæ».

Кайсын Кулиевæн Нальчикки ци мемориалон хæдзарæ-музей ес, уой еудадзугдæр бабæрæг кæнунцæ, æ поэзи ин берæ ка уарзта æма нерæнгæ дæр ма уарзуй, етæ. Еци музейи ахид уидæ е 'мбал Джусойти Нафи дæр, уоми иуазгути киунуги берæ финститæ ниууагъта æ лимæни туххæй.

...Куд хуматæг адæймаг, уæдта куд исфæлдистадон архайæг, уотæ Кайсын Кулиевæн, ку зæгъæн, федар бастдзийнæдтæ адтæй Иристони, нæ адæми хæццæ, æнæмæнгæ иссеридæ равгæ æма нæмæ иуазæгуати дæр уидæ æма 'й нæ дзиллæ хъæбæр зæрдиагæй исбоц кæнидæ. Æ еу балций рæстæг, 1968 анзи 12 мартъий, бабæрæг кодта республикон Национ киунугæдонæ дæр. Уæдæй фæстæмæ нæмæ æстæн киунугути фонди æнцæ Кайсын Кулиеви киунугутæ æ къохфинсти хæццæ.

Кайсын Кулиеви райгурдбæл 2017 анзи ноябри фиццаг бон исæнхæст æй сæдæ анзи (1917-1985). Уой фæдбæл нæ киунугæдони косгутæ æма киунугæкæсгутæ дæр, куд Уæрæсей æма раздæри Советон Цæдеси республикитæй берæ рауæнти, уотæ исаразтонцæ цитгингæнæн мадзæлттæ, сæ зæрди фæндон бавдистонцæ, цæйбæрцæбæл хъазар æма уарзон æй нæ дзиллæн номдзуд балхъайраг поэт æма нæ адæми æновуд æрдхуард, цæйбæрцæбæл агъазиау нимади нæмæ æнцæ æ поэтикон исфæлдистадæ, пахампари зунд, æ уодиконди кæдзосдзийнадæ æма рæстадæ. Ци цалдæр номерæн мадзали исаразтан, уонæй еуей исхудтан «Киунугути дилижанс». Æрзилдан Иристони районтæбæл юбилейон бацæттæгонд мадзæлтти хæццæ, адтæй си киунугутæ æма къарти равдиститæ. Фиццаг ноябри, Кайсын Кулиеви райгурæн бони, мах архайдтан, «Мир и радость Вам, живущие!..», зæгъгæ, регионти æхсæн арæзт акций. Дзæуæгигъæуи поэзий «Цай-клуб»-и фæлгæти ба арæзт æрцудæй поэзий изæр «Фæткъути тæф кæнуй фæззæг...»

Юбилейон мадзæлттæн ба дессæги кæронбæттæн иссæй, сæ хуæдразмæ, «Кайсын Кулиев æма Иристон», зæгъгæ, номдзуд балхъайраг поэти туххæй киунуги рауагъд...

Кайсын Кулиев е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста: «Мæ зар ахид нæ арф кæмтти игъусидæ...» Æма æ еци загъдбæл æнæгъæнæйдæр арази уогæй, нæ бон æй федарæй уотæ зæгъун дæр: абони дæр айдагъ Кавкази еугур кæмтти нæ, фал дуйнети еугур рауæнти дæр игъусуй æ зæлланг зар...

### РÆСТЗÆРДÆ ÆРДХУАРД ÆНОСОН МÆСУГ ÆЙ!..

Еугур еци хабæрттæ уомæ гæсгæ æримистон, æма етæ хъæбæр ирд æвдесæн æнцæ, алли адæмихæтти æхсæн рахастдзийнæдтæ æма хæларæй æмдзæрийнадæ федар кæнунæн цæйбæрцæбæл ахедгæ æй сæ хецæн минæвæртти рæстзæрдæ цардиуагæ, цæйбæрцæбæл разæнгардгæнæг æй сæ архайд æма бæлвурд гъуддæгутæ, цæмæй еугур дзиллитæ дæр æрдхуард синхондзийнадæ федар кæнунмæ тундзонцæ...

Иристони æма Кæсæг-Балхъари адæмтæ бафæразтонцæ æма фæразунцæ сæ медасæу хæлардзийнади рахастдзийнæдти кæдзосдзийнадæ гъæуай кæнун. Уомæн еума æвдесæн – нæ дууæ республикей æмгустади туххæй бардзурд æрæги Дзæуæгигъæуи бафинстонцæ сæ разамонгутæ Битарти Вячеслав æма Казбек Коков.

Дууæ синхон æнсувæрон республики фæстаг хатт ма уæхæн документ ку исфедар кодтонцæ, уобæл рацудæй фондз æма инсæй анзи. Фал рæстæги домæнтæмæ гæсгæ æма закъони цæстæй кæсгæй, багъудæй нæуæг бадзурд æма нур Цæгат Иристон æма Кæсæг-Балхъари 'хсæн æмгустадæ – базарадон-экономикон, наукон-техникон, културон æма æндæр къабæзти – кæндзæнæй никки федардæр.

Казбек Коков æ радзубандий сæрмагондæй уой баханхæ кодта, æма Кæсæг-Балхъари ке цæруй берæ ирæнттæ, ес сæмæ ирæнтти диаспорæ, сауæнгæ æнæгъæнæ ирон гъæутæ; ирæнттæ, кæсгæнттæ æма æссæнттæ рагæй-æрæгæмæ дæр еу бийнонти, еу адæми цард кæнунцæ, æма зæрдæ байвардтонцæ, идарддæр дæр уотæ ке уодзæнæй, уомæй.

Нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслав, Кæсæг-Балхъарæй æрбацæуæг иуазгутæн арфæ кæнгæй, куд загъта, уотемæй дууæ республикей 'хсæн социалон-экономикон æмгустадæ, фиццагидæр, хуæрзæрдæмæ фæббæрæг уодзæнæй адæми цардбæл.

– Æнсувæрон бастдзийнæдтæ идарддæр дæр уотæ федар цæмæй уонцæ æма еу фæлтæрæй иннемæ цæмæй цæуонцæ, уобæл архайдзинан, – загъта Битарти Вячеслав.

Фондз æма æртинсæй анзей размæ (1955 анзи ноябри) косун райдæдта Эзмини уæлхонх гидроэлектростанцæ.

***Цæгат Иристони адæмон артист æма Уæрæсей æскъуæлхт артист СУАНТИ Семени фурт Кими райгурдбæл 28 октябри исæнхæст æй цуппаринсæй анзи (1940-1995). Уой фæдбæл æ номерæн мадзал арæзт æрцудæй Цæгат Иристони паддзахадон академион театри, архайдтонцæ си нæ национ аййевади зундгонд исфæлдистадон коллективтæ.***


МАХЪОТИ Ацæмæз

***– Нæ Цæдес рагæй æнгъæлмæ кастæй Иристони музыкалон культури ирæзтбæл, музыкалон скъолати, училищети, симфонион оркестри фæззиндбæл, Уæрæсейаг æма ирон театрти спектаклтæмæ музыкæ ниффинсуни историбæл дзорæг киунуги рацудмæ, – загъта МАХЪОТИ Ацæмæз. – Гъудæй æрæмбурд кæнун биографион æма музыкалон æрмæгутæ, нæ музыкалон классикти исфæлдистадæбæл финст уацтæ. Етæ æнцæ æгæрон устур агъаз, нæ бæстæ æма нæ адæм сæрустур кæмæй æнцæ, еци композиторти, музыкантти, вокалистти, дирижерти нæуæг фæлтæри фæззиндæн. Е æй, æцæгæйдæр, ахедгæ уодвæллойнæ! Æма мæнæ рохс фæууидта. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма си ке ес, æрæги консерваторитæ каст ка фæцæй, еци æригон композиторти туххæй дæр æрмæг.***


БÆТÆГАТИ Татьянæ

# «ЦÆГАТ КАВКАЗИ МУЗЫКАЛОН СЕЗОНТÆ» УОДЗÆНÆНЦÆ ЦАРДГЪОН!..

СОВЕТОН доги ни цæргæ кæмæн рауадæй, етæ ма ’й хъæбæр хуарз гъуди кæнунцæ, уæд Цæгат Кавкази еугур рауæнти дæр цæйбæрцæ еумæйаг аййевадон бæрæгбæнттæ арæз цудæй. Адæм дæр, уæдта исфæлдистадон косгутæ дæр си хъæбæр разæнгардæй архайдтонцæ. Уомæ гæсгæ ба дзубанди дæр ибæл нæййес, еци мадзæлттæ цæйбæрцæбæл агъазиау фæрæзнæ адтæнцæ цæгаткавказаг адæмти ’хсæн хæлардзийнадæ æма еузæрдиуондзийнадæ федар кæнунæн... Уæдмæ Советон Цæдес фехалдæй, еугур гъуддæгутæ сæ къохти ка бакодта, еци «нæуæг цардарæзгути» ба уæхæн советон идеологий байзайæггæгтæ некæми гъудæнцæ, уомæн æма уодварни хæзнайæн иссæнцæ зудæ æма кæрæфдзийнадæ...

Уогæ цанæбæрæг рæстæг рацудæй, æма ’й уæддæр æрлæдæрдтан, цæйбæрцæбæл гъæугæ æма цардæттæг тухæ ес уæхæн еумæйаг исфæлдистадон æмархайди дæр. Æма хъæбæр зæрдиагæй бацийнæ кæнун æнгъезуй, уæхæн мадзæлттæ иснæуæг кæнунмæ æма сæ аразунмæ фæстаг рæстæги фулдæр æргом æздæхт ке цæуй, уобæл.

Уомæн æвдесæн мæнæ ауæхæн æхцæуæн хабар – æрæги нæмæ байгон æй фестиваль «Цæгат Кавкази музыкалон сезонтæ». Æ нисанеуæг æй – нæ региони адæмти музыкалон културæ æма композиторти традицион скъолай æгъдæуттæ парахат кæнун æма култури уагæбæл æмгустадæ рапарахат кæнун.

Аци агъазиау мадзал исаразунбæл нæ бæсти культури фонди агъазæй байархайдта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий музыкалон фонд, федералон проект «Исфæлдистадон адæм»-мæ гæсгæ. Æма уой фæрци Цæгат Кавкази федералон зилди концертон залти азæлдзæнæнцæ региони камерон, инструменталон, зартæгæнгути къуæртти аййевади хуæздæр уадзимистæ. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма проект исæнхæст кæнунбæл æновудæй, бæлвурдæй байархайдта нæ республики Паддзахадон филармоний аййевадон разамонæг, Уæрæсей Федераций аййевæдти æскъуæлхт архайæг Махъоти Ацæмæз.

– Аци фестиваль арæзт цæуй, куд нæ иннæ устур проекттæ, уотæ, Цæгат Кавкази композиторти уадзимистæ регионти цæргути ’хсæн парахат кæнуни нисанеуæгæй. Еума хуарздзийнадæ ба ма е æй, æма æ фæрци аразæн, цæмæй национ республикити композиторти уадзимистæ ахиддæр игъусонцæ æма фулдæр аййевадæуарзгутæн зундгонд уонцæ, – загъта Махъоти Ацæмæз.

Проект «Цæгат Кавкази музыкалон сезонтæ»-йи презентаци адтæй Уæрæсей Федераций композиторти Цæдеси цæгатиристойнаг хайади. Æма мæнæ ци фестивали кой кæнæн, уой сахар Назрани камерон музыки концертæй байгон кæнуни фæсте ба сæрмагонд концерт Уæлахези 75 анзей кадæн арæзт æрцæуудзæнæй Дзæуæгигъæуи. Архайдзæнæнцæ си Дагестани Т. Мурадови номбæл паддзахадон филармоний æма Цæцæни А. Шахбулатови номбæл паддзахадон филармоний симфонион оркестр. Сæ аййевадон разамонæг – Уæрæсей Федераций адæмон артист Валерий Хлебников. Арæзт ма æрцæуудзæнæй Дзæуæгигъæуи паддзахадон филармоний аййевадон коллективи концерт æма Цæгат Кавкази федералон зилди еугонд оркестри концерт Нальчикки (æ разамонæг – Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист Петр Темирканов). Уæхæн концерттæ ма арæзт æрцæуудзæнæй Грознай, Пятигорски, Стъараполи, Нальчикки, Дзæуæгигъæуи. Архайдзæнæнцæ си Адыгейи музыки классик Джабраил Хаупа æма кæсгон композитор, пианист Мурат Кабардоков, Нальчикки ма арæзт æрцæуудзæнæй исфæлдистадон лаборатори «Национ музыки еудзийнадæ – Цæгат Кавкази композиторти скъолай исфæлдистади».

Нальчикки арæзт æрцæуудзæнæй дууæ ахсгиаг мадзали: сæ еуеми æркæсдзæнæнцæ нури доги домæнтæмæ гæсгæ Цæгат Кавкази композитортæн сæ исфæлдистадон архайди ахсгиагдæр фарстатæмæ, иннеми ба, кæци "Тумбул стъол"-и хузи уодзæнæй Кæсæг-Балхъари паддзахадон филармоний, дзубанди цæудзæнæй, Устур Фидибæстон тугъди туххæй Цæгат Кавкази композитортæ ци уадзимистæ ниффинстонцæ, уонæбæл.

Проекти дессагдзийнæдтæй еу исуодзæнæй, зундгонд æма æригон композитортæ Устур Фидибæстон тугъди туххæй ци музыкалон уадзимистæ ниффинстонцæ, етæ еумæ райгъусдзæнæнцæ.

Музыкалон форуми архайдзæнæнцæ сувæллæнтти æма фæсевæди исфæлдистадон коллективтæ. Цæцæни паддзахадон филармоний разамонæг, профессор Валерий Хлебников син исараздзæнæй дæснидзийнадæ æвдесæн ахуртæ, архайдзæнæнцæ си Грознай сувæллæнтти симфонион оркестр æма Дзæуæгигъæуи Гергити Валерийи номбæл аййевæдти колледжи гъесинфæндурæй цæгъдгути ансамбль.

Фестивали рæстæг аййевадæуарзгутæ ма базонгæ уодзæнæнцæ, «Иристони XX-XXI æноси музыкалон культурæ. Иристони 50 композиторей портреттæ», зæгъгæ, зундгонд музыкæртасæг, профессор Бæтæгати Татьяни монографий хæццæ. Уагъд æрцудæй Уæрæсей культури министради гранти фæрæзнитæй, æма ин презентаци ба арæзт æрцæуудзæнæй Дзæуæгигъæуи фестивали мадзæлтти рæстæг, уой фæсте ба Цхинвали, уæдта Мæскуй Уæрæсей Президенти рази цæгатиристойнаг минæваради.


# ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.**
**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.**
**(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)**




**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**



Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.
Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№2323.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 2.11.2020.

Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.

Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.

Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.

Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.